**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республика Дагестан**

**МКОУ "Сивухская СОШ"**

| СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|
| Заместитель директора по УВР МКОУ "Сивухская средняя общеобразовательная школа" | Директор МКОУ "Сивухская средняя общеобразовательная школа" |
| ________________ Караева Х. М. | ________________ Набиев Н. Х. |
| Приказ №67 от «01» 09 2023 г. | Приказ №67 от «01» 09 2023 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## «Родной язык»

***для 1-4 класса***

***на 2023-2024 учебный год***

## Авар мацI

### I класс (33 сагIат)

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб гIумруялде бахъинабиялъулъ кIудияб бакI ккола рахьдал мацIалъ. Байбихьул классазда рахьдал мацI малъула кIиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:

l. НахъгIунтIиялъулаб мурад (мацIалъул хIакъалъулъ бугеб
гIелмуялъул аслиял бутIабазулгун лъайхъвай
гьаби ва гьелъул кьучIалда
цIалдохъабазул логикияб пикру ва гIаламаталгин символикияб бичIчIи
лъугьинаби);
рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги,
Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьочIое росун.
Жакъасеб школалда тIадаб борч ккола гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб ва щулияб гIелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хIалтIизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала

2. Социокультурияб мурад (цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб
бажари лъугьинаби: кIалзул ва хъвавул калам, монологияб ва диалогияб
калам, гьединго, грамматикиял гъалатIал риччачIого, хъваялъул бажари
цебетIезаби)

### Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал

**Напсиял хIасилал:**

- жиндирго ВатIаналдаса, дагъистаналъул миллатаздаса ва гьелъултарихалдаса чIухIи; жив магIарул миллаталъул чи вукIин бичIчIи;
Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи ва гьелъ магIарулазул миллатазда гьоркьоб щулияб бухьен чIезабулеблъи лъай; гъалатI гьечIеб кIалзул ва хъвавул калам гIаммаб культураялъул гIаламат букIин лъай;
школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби, кидаго лъикIав цIалдохъанлъун вукIине бажари;
лъикIаб даражаялда цIализеги цIализе бугеб пагьмуялъе жинцаго къимат кьезеги бажари;
цо къасдалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби;
цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
мугIалимас кьураб къиматалда разилъи.

**Метапредметиял хIасилал:**

Учебникалда бугеб материал лъикI лъай: ай цIалул тIадкъаял тIуразаризе къваригIараб баян (информация) балагьи, суратаздалъун, схемабаздалъун кьураб баян бичIчIи; предметал дандекквей, гьезулъ гIаммал ва ратIа гьариялъул гIаламатал рихьизари;
батIибатIиял баянал (справкаби) кьолеб учебникалъул ва цIалул пособиязул материалалдаса пайда боси (мугIалимасул нухмалъиялдалъун);
диалогалъулъ гIахьаллъизе бажари (лъурал суалазе жавабал кьезе, суалал жинцаго лъезе, бичIчIулареб жо мухIкан гьабизе);
тIадкъаял тIуралаго, гьалмагъасда цадахъ хIалтIизе бажари: хIалтIаби гьариялъул ирга чIезабизе ва цIунизе, гъалатIазул хIакъалъулъ гьалмагъасда бицине, данд бан гьоркьоб лъураб суал тIубазабиялъулъ гIахьаллъизе;

кьурал мисалазда рекъон жиндирго хIалтIул хал гьабизе бажари;
мугIалимасда цадахъ малъулеб материалалъул тартиб чIезабизе бажари;
бищун кIвар бугел гIаламатал хIисабалдеги росун, предметал ва лъугьабахъинал тIелазде рикьизе ва ратIаратIаго
лъезе бажари.

**Предметиял хIасилал:**

ЦIалдохъаби ругьунлъула: кIалзулги хъвавулги калам батIабахъизе;
хIарпалги гьаркьалги ратIарахъизе;
рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;
гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьазул анализ гьабизе;
геминатал битIун абизе ва гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
лабиалиял гьаркьал битIун абизе, гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
къокъаб тексталъулъ предложениял ратIа гьаризе;
предложение гIуцIизе (бицун);
предложениялъулъ рагIаби рихьизаризе;
схемабаздаса пайдаги босун, рагIи слогазде биххизе;
слогалккун рагIи цIияб мухъиде босизе;
предложениялъул интонатексталъул баян гьабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе,текст бицине;
хасал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе;
тексталъулъ цоцазда рухьарал магIнаялъул рахъалъ дандекколел рагIабазда хадуб халкквезе;
сураталдасан яги гIумруялъулъ лъугьараб асаралдасан текст гIуцIизе, тексталъе цIар ургъизе, гьелъие суалал лъезе;
форма хисарал предложениял ва текстал гъоркь рукIахъе къачIазе ва гьезул анализ гьабизе;
рагIабаздасан предложение, предложенияздасан текст гIуцIизе ва гьезул анализ гьабизе;
мугIалимасул кумекалдалъун абулеб къагIидаги хъвалеб куцги батIиял рагIаби баян гьаризе, битIун хъван ругищали хал гьабизе кколел рагIаби ратизе;
предметал, предметазул гIаламатал, гьезул ишал рихьизарулел рагIабазе суалал лъезе, гьел рагIабазе къваригIарал магIнаялъулал суалал тIаса рищизеция цIунизе;

**Предметалъул материал**

РагIи. Предложение. Текст.
Калам. ГIадамазе калам сундуе къваригIун бугеб.
Каламалъул бутIа хIисабалда рагIи. МагIнаялъул рахъалъ данде кколел рагIаби цоцазда рухьин.
Каламалъул бутIа хIисабалда предложение, текст ва гIумруялда жаниб гьезул бугеб кIвар.
Предложениялъул бетIерал членал.
РагIабазул бетIералда кIудияб хIарп.
Гьаркьал ва хIарпал
Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал рихьизарулел хIарпал.
Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал: [гь], [гъ], [гI], [кь], [къ], [кI], [лъ], [тI], [хь], [хъ], [хI[, [цI], [чI].
Геминатал ва гьел рихьизарулел хIарпал: кк, кIкI, лълъ, сс, хх, цц, цIцI, чч, чIчI.
Лабиалиял гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: гв, кв, ккв, кIв,

кӀкӀв, къв, кьв, св, хв, хъв, хьв, щв, шв, гъв, гьв, гв, чв, чӀв, цв, цӀв.

РагӀи ва слог. Слогалккун рагӀаби цӀияб мухъиде росиКаламалъул бутӀаби
*Щив? щий? щиб? щал?* абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби предметал рихьизарулел рагӀаби ккей.
*Кинав? кинай? кинаб? кинал?* абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби предметазул гӀаламатал рихьизарулел рагӀаби ккей.
*Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб гьабулеб бугеб? Щиб лъугьунеб бугеб?* абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби предметалъул ишбихьизабулел рагӀаби ккей

## Авар мацӀ

## 2 класс (34 сагӀат)

Программа хӀадур гьабуна байбихьул школалда тӀуразаризе хӀисабалде росарал хӀасилалги, Обществоялда инсанасул рухӀияб гӀумруялде бахъинабиялъулъ кӀудияб бакӀ ккола рахьдал мацӀалъ. Байбихьул классазда рахьдал мацӀ малъула кӀиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:
1. НахъгӀунтӀиялъулаб мурад (мацӀалъул хӀакъалъулъ бугеб
гӀелмуялъул аслиял бутӀабазулгун лъайхъвай
гьаби ва гьелъул кьучӀалда
цӀалдохъабазул логикияб пикру ва гӀаламаталгин символикияб бичӀчӀи
лъугьинаби);
рахъ, хьвадачӀвадиялъул къагӀидаби церетӀеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги,
Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьочӀое росун.
Жакъасеб школалда тӀадаб борч ккола гӀун бачӀунеб гӀелалъе гъваридаб ва щулияб гӀелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хӀалтӀизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.
Гьеб масъала
2. Социокультурияб мурад (цӀалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб
бажари лъугьинаби: кӀалзул ва хъвавул калам, монологияб ва диалогияб
калам, гьединго, грамматикиял гъалатӀал риччачӀого, хъваялъул бажари
цебетӀезаби).

### Курс лъазабун лъугӀун хадуб кьолел хӀасилал

**Напсиял хӀасилал:**
- жиндирго ВатӀаналдаса, дагъистаналъул миллатаздаса ва гьелъул тарихалдаса чӀухӀи; жив магӀарул миллаталъул чи вукӀин бичӀчӀи;
Рахьдал мацӀ нилъер культураялъул аслу букӀин бичӀчӀи ва гьелъ магӀарулазул миллатазда гьоркьоб щулияб бухьен чӀезабулеблъи лъай; гъалатӀ гьечӀеб кӀалзул ва хъвавул калам гӀаммаб культураялъул гӀаламат букӀин лъай;
школалдехун ва цӀалиялдехун бугеб бербалагьи цӀикӀкӀинаби, кидаго лъикӀав цӀалдохъанлъун вукӀине бажари;
лъикӀаб даражаялда цӀализеги цӀализе бугеб пагьмуялъе жинцаго къимат кьезеги бажари;
цо къасдалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чӀараб, цогиялда бухьинчӀеб хасиятги цебетӀезаби;
цогидал гӀадамазе кумекалъе хӀадурав, ният лъикӀав, хӀалхъублъи гьечӀев, гӀадамазе лъикӀлъи гьабулев инсан вахъинави.
мугӀалимас кьураб къиматалда разилъи**.**

**Метапредметиял хӀасилал:**
Учебникалда бугеб материал лъикӀ лъай: ай цӀалул тӀадкъаял тӀуразаризе къваригӀараб баян (информация) балагьи, суратаздалъун, схемабаздалъун кьураб баян бичӀчӀи; предметал дандекквей, гьезулъ гӀаммал ва ратӀа гьариялъул гӀаламатал рихьизари;
батӀибатӀиял баянал (справкаби) кьолеб учебникалъул ва цӀалул пособиязул материалалдаса пайда боси (мугӀалимасул нухмалъиялдалъун);

диалогалъулъ гIахьаллъизе бажари (лъурал суалазе жавабал кьезе, суалал жинцаго лъезе, бичIчIулареб жо мухIкан гьабизе);
тIадкъаял тIуралаго, гьалмагъасда цадахъ хIалтIизе бажари: хIалтIаби гьариялъул ирга чIезабизе ва цIунизе, гъалатIазул хIакъалъулъ гьалмагъасда бицине, данд бан гьоркьоб лъураб суал тIубазабиялъулъ гIахьаллъизе;
кьурал мисалазда рекъон жиндирго хIалтIул хал гьабизе бажари;
мугIалимасда цадахъ малъулеб материалалъул тартиб чIезабизе бажари;
бищун кIвар бугел гIаламатал хIисабалдеги росун, предметал ва лъугьабахъинал тIелазде рикьизе ва ратIаратIаго
лъезе бажари.
Предметиял хIасилал:
ЦIалдохъаби ругьунлъула: кIалзулги хъвавулги калам батIабахъизе;
хIарпалги гьаркьалги ратIарахъизе;
рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;
гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьазул анализ гьабизе;
геминатал битIун абизе ва гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
лабиалиял гьаркьал битIун абизе, гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
къокъаб тексталъулъ предложениял ратIа гьаризе;
предложение гIуцIизе (бицун);
предложениялъулъ рагIаби рихьизаризе;
схемабаздаса пайдаги босун, рагIи слогазде бикхизе;
слогалккун рагIи цIияб мухъиде босизе;
предложениялъул интонатексталъул баян гьабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе,текст бицине;
хасал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе;
тексталъулъ цоцазда рухьарал магIнаялъул рахъалъ дандекколел рагIабазда хадуб халкквезе;
сураталдасан яги гIумруялъулъ лъугьараб асаралдасан текст гIуцIизе, тексталъе цIар ургъизе, гьелъие суалал лъезе;
форма хисарал предложениял ва текстал гъоркь рукIахъе къачIазе ва гьезул анализ гьабизе;
рагIабаздасан предложение, предложенияздасан текст гIуцIизе ва гьезул анализ гьабизе;
мугIалимасул кумекалдалъун абулеб къагIидаги хъвалеб куцги батIиял рагIаби баян гьаризе, битIун хъван ругищали хал гьабизе кколел рагIаби ратизе;
предметал, предметазул гIаламатал, гьезул ишал рихьизарулел рагIабазе суалал лъезе, гьел рагIабазе къваригIарал магIнаялъулал суалал тIаса рищизе, цIунизе;

<u>**Предметалъул материал**</u>

Авар мацI

**2 класс (34 сагIат)**

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб гIумруялде бахъинабиялъулъ кIудияб бакI ккола рахьдал мацIалъ. Байбихьул классазда рахьдал мацI малъула кIиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:
1. НахъгIунтIиялъулаб мурад (мацIалъул хIакъалъулъ бугеб гIелмуялъул аслиял бутIабазулгун лъайхъвай гьаби ва гьелъул кьучIалда цIалдохъабазул логикияб пикру ва гIаламаталгин символикияб бичIчIи лъугьинаби);
рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьочIое росун.
Жакъасеб школалда тIадаб борч ккола гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб ва щулияб гIелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хIалтIизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала
2. Социокультурияб мурад (цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб
бажари лъугьинаби: кIалзул ва хъвавул калам, монологияб ва диалогияб
калам, гьединго, грамматикиял гъалатIал риччачIого, хъваялъул бажари
цебетIезаби).

## Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал

Напсиял хIасилал:

- жиндирго ВатIаналдаса, дагъистаналъул миллатаздаса ва гьелъул тарихалдаса чIухIи; жив магIарул миллаталъул чи вукIин бичIчIи;
Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи ва гьелъ магIарулазул миллатазда гьоркьоб щулияб бухьен чIезабулеблъи лъай; гъалатI гьечIеб кIалзул ва хъвавул калам гIаммаб культураялъул гIаламат букIин лъай;
школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби, кидаго лъикIав цIалдохъанлъун вукIине бажари;
лъикIаб даражаялда цIализеги цIализе бугеб пагьмуялъе жинцаго къимат кьезеги бажари;
цо къасдалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби;
цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
мугIалимас кьураб къиматалда разилъи.

Метапредметиял хIасилал:

Учебникалда бугеб материал лъикI лъай: ай цIалул тIадкъаял тIуразаризе къваригIараб баян (информация) балагьи, суратаздалъун, схемабаздалъун кьураб баян бичIчIи; предметал дандекквей, гьезулъ гIаммал ва ратIа гьариялъул гIаламатал рихьизари;
батIибатIиял баянал (справкаби) кьолеб учебникалъул ва цIалул пособиязул материалалдаса пайда боси (мугIалимасул нухмалъиялдалъун);
диалогалъулъ гIахьаллъизе бажари (лъурал суалазе жавабал кьезе, суалал жинцаго лъезе, бичIчIулареб жо мухIкан гьабизе);
тIадкъаял тIуралаго, гьалмагъасда цадахъ хIалтIизе бажари: хIалтIаби гьариялъул ирга чIезабизе ва цIунизе, гъалатIазул хIакъалъулъ гьалмагъасда бицине, данд бан гьоркьоб лъураб суал тIубазабиялъулъ гIахьаллъизе;
кьурал мисалазда рекъон жиндирго хIалтIул хал гьабизе бажари;
мугIалимасда цадахъ малъулеб материалалъул тартиб чIезабизе бажари;
бищун кIвар бугел гIаламатал хIисабалдеги росун, предметал ва лъугьабахъинал тIелазде рикьизе ва ратIаратIаго
лъезе бажари.

Предметиял хIасилал:

ЦIалдохъаби ругьунлъула: кIалзулги хъвавулги калам батIабахъизе;
хIарпалги гьаркьалги ратIарахъизе;
рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;
гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьазул анализ гьабизе;
геминатал битIун абизе ва гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
лабиалиял гьаркьал битIун абизе, гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
къокъаб тексталъулъ предложениял ратIа гьаризе;
предложение гIуцIизе (бицун);
предложениялъулъ рагIаби рихьизаризе;
схемабаздаса пайдаги босун, рагIи слогазде биххизе;
слогалккун рагIи цIияб мухъиде босизе;
предложениялъул интонатексталъул баян гьабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе,текст бицине;
хасал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе;
тексталъулъ цоцазда рухьарал магIнаялъул рахъалъ дандекколел рагIабазда хадуб

халкквезе;
сураталдасан яги гӀумруялъулъ лъугьараб асаралдасан текст гӀуцӀизе, тексталъе цӀар ургъизе, гьелъие суалал лъезе;
форма хисарал предложениял ва текстал гъоркь рукӀахъе къачӀазе ва гьезул анализ гьабизе;
рагӀабаздасан предложение, предложенияздасан текст гӀуцӀизе ва гьезул анализ гьабизе;
мугӀалимасул кумекалдалъун абулеб къагӀидаги хъвалеб куцги батӀиял рагӀаби баян гьаризе, битӀун хъван ругищали хал гьабизе кколел рагӀаби ратизе;
предметал, предметазул гӀаламатал, гьезул ишал рихьизарулел рагӀабазе суалал лъезе, гьел рагӀабазе къваригӀарал магӀнаялъулал суалал тӀаса рищизе, цӀунизе;

<u>Предметалъул **материал**</u>

РагӀи. Предложение. Текст.
Калам. ГӀадамазе калам сундуе къваригӀун бугеб.
Каламалъул бутӀа хӀисабалда рагӀи. МагӀнаялъул рахъалъ данде кколел рагӀаби цоцазда рухьин.
Каламалъул бутӀа хӀисабалда предложение, текст ва гӀумруялда жаниб гьезул бугеб кӀвар.
Предложениялъул бетӀерал членал.
РагӀабазул бетӀералда кӀудияб хӀарп.
Гьаркьал ва хӀарпал
Гьаркьал ва хӀарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал рихьизарулел хӀарпал.
Авар мацӀалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал: [гь], [гъ], [гӀ], [кь], [къ], [кӀ], [лъ], [тӀ], [хь], [хъ], [хӀ[, [цӀ], [чӀ].
Геминатал ва гьел рихьизарулел хӀарпал: кк, кӀкӀ, лълъ, сс, хх, цц, цӀцӀ, чч, чӀчӀ.
Лабиалиял гьаркьал ва гьел рихьизарулел хӀарпал: гв, кв, ккв, кӀв, кӀкӀв, къв, кьв, св, хв, хъв, хьв, щв, шв, гъв, гьв, гв, чв, чӀв, цв, цӀв.
РагӀи ва слог. Слогалккун рагӀаби цӀияб мухъиде росиКаламалъул бутӀаби
*Щив? щий? щиб? щал?* абурал суалазе жавабалъун рачӀунел рагӀаби предметал рихьизарулел рагӀаби ккей.
*Кинав? кинай? кинаб? кинал?* абурал суалазе жавабалъун рачӀунел рагӀаби предметазул гӀаламатал рихьизарулел рагӀаби ккей.
*Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб гьабулеб бугеб? Щиб лъугьунеб бугеб?* абурал суалазе жавабалъун рачӀунел рагӀаби предметалъул иш бихьизабулел рагӀаби ккей

# Авар мац1 3 класс (34часа)

## Программаялъе баян

Программа хӀадур гьабуна байбихьул школалда тӀуразаризе хӀисабалде росарал хӀасилалги, Обществоялда инсанасул рухӀияб рахъ, хьвада-чӀвадиялъул къагӀидаби церетӀеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьочӀое росун.

Жакъасеб школалда тӀадаб борч ккола гӀун бачӀунеб гӀелалъе гъваридаб ва щулияб гӀелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хӀалтӀизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби. Гьеб масъала гӀумруялде бахъинабиялъулъ кӀудияб бакӀ ккола рахьдал мацӀалъ.

Байбихьул классазда рахьдал мацӀ малъула кӀиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:

1. НахъгӀунтӀиялъулаб мурад (мацӀалъул хӀакъалъулъ бугеб гӀелмуялъул аслиял бутӀабазулгун лъайхъвай гьаби ва гьелъул кьучӀалда цӀалдохъабазул логикияб пикру ва гӀаламаталгин символикияб бичӀчӀи лъугьинаби);

2. Социокультурияб мурад (цӀалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб бажари лъугьинаби: кӀалзул ва хъвавул калам, монологияб ва диалогияб калам, гьединго, грамматикиял гъалатӀал риччачӀого, хъваялъул бажари цебетӀезаби).

Гьединго байбихьул классазда авар мацӀ лъазабиялъ кумек гьабула гьал хадусел суалал тӀуразе:

- тӀолго инсаниябгин моралияб бечелъи ботӀролъе боси, творческияб къагӀидаялъ хӀалтӀиялъул бажари цебетӀезаби;

- сверухъ бугеб хӀакъикъаталъул, гӀадамазул жамгӀияталъул ва тӀабигӀаталъул хӀакъалъулъ лъималазул бугеб цо чӀванкъотӀараб бичӀчӀи бечелъизаби;

- жалго жидедаго чӀун, хӀалтӀиялъул къагӀидаби лъай;

- цӀалул дарсазде, тӀехьалде (лъаялъул иццалде) интерес бижизаби.

Авар мацӀ лъазабулаго, пайда босула аслиял дидактикиял принципаздасан. Гьелъул магӀна ккола щивав цӀалдохъанасул хаслъи хӀисабалде боси, тартибалда материал лъазаби ва гьеб гъваридго бичӀчӀи.

## Курсалъул гӀаммаб характеристика

Авар мацӀалъул кумекалдалъун программаялъ кӀвар буссинабун буго «Филология» абураб гӀелмияб бутӀаялъул гьал хадусел масъалаби тӀуразариялде:

1. Дагъистаналъул мацӀал ва маданиятал батӀи-батӀиял рукӀиналъул ва гьел цоцада рухьарал рукӀиналъул хӀакъалъулъ авалияб бичӀчӀи лъугьинаби;
2. КӀалзул ва хъвавул диалогияб ва монологияб калам цебетӀезаби;
3. Цоцада хурхен гьабиялъулаб бажари цебетӀезаби;
4. РухӀияб ва эстетикияб бичӀчӀи лъугьин;
5. Творческияб къагӀидаялъ хӀалтӀиялъул бажари цебетӀезаби.

Рахьдал мацӀ малъиялъул мурадалде щвезе, программаялъ гьал хадусел практикиял масъалаби тӀуразаризе рихьизарун руго:

- цебе лъураб мурадалда ва масъалабазда рекъон мацӀалъул алатал тӀаса рищиялъул бажари, цӀалдохъабазул калам, рекӀелъ щибниги жо цебечӀезабизеги гъваридго пикру гьабизеги бугеб гьунар цебетӀезабизе;

- авар мацӀалъул гӀуцӀиялъул ва системаялъул, ай лексикаялъул, фонетикаялъул, графикалъул, орфографиялъул, орфоэпиялъул, морфемикалъул (рагӀул гӀуцӀиялъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул хӀакъалъулъ бищунго гӀадатиял баянал цӀалдохъабазе

щвей;

- жиндирго пикру бицине, захIматаб гуреб хъвавул текст гIуцIизе, диалогалъулъ гIахьаллъизе, битIун хъвазе ва цIализе бугеб бажари лъугьинаби;

- жиндирго калам камиллъизабизе хIаракат бахъи, мацI лъазабизе гъира бижизаби, мацIалъул бацIцIалъи цIуниялъулъ жалги гIахьалал рукIин цIалдохъабазда бичIчIи, гьезулъ мацIалдехун бугеб къиматаб бербалагьи цIикIкIинаби.

Авар мацIалъул курс байбихьула хъвазе цIализе малъиялдаса.

Хъвазе цIализе малъун хадуб авар мацIалъул курс лъазабизе байбихьула. Авар мацIалъул курс гIуцIун буго гьал хадусел бутIабаздасан:

Фонетика ва орфоэпия, графика, лексика, рагIул гIуцIи (морфемика), грамматика (морфология ва синтиксис);

БитIунхъвай (орфография) ва лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидаби (пунктуация);

## Калам цебетIей.

Программаялда авар мацIалъул курсалъул хIакъалъулъ, лъималазул гIелазул хаслъабиги хIисабалде росун, бищун гIадатал (авалиял) баянал кьун руго. МацIалъул гIемерисел бутIаби (разделал) ва темаби щибаб классалда такрарлъула. Гьелъ рес кьола, лъималазул лъаялъул даражаги хIисабалде босун, гьел мацIалъул бутIаби ва темаби гъварид ва гIатIид гьаризе.

Фонетикаялда ва графикаялда хурхараб аслияб лъайги, бажариги, ругьунлъабиги цIалдохъабазе щола 1 ва 2 классалда. III-IV классаздаги гьеб темаялда тIад хIалтIи гьабула гьоркьоса къотIичIого. Лъималазда малъула гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьал ритIун рахъизе, гьел рихьизарулел хIарпал ритIун хъвазе, рагIи слогазде бикьизе, рагIулъ ударение бугебги гьечIебги слог батIа бахъизе.

Лексикаялда хурхарал хIалтIаби гьарула ункъабго лъагIалида жаниб. Гьединал хIалтIаби тIоритIула грамматика, рагIул гIуцIи ва битIунхъвай малъиялда цадахъ. Грамматикаялъул, цIалул, битIунхъваялъул ва калам цебетIезабиялъул дарсазда лъималазда лъала предметал, гIаламатал, ишал рихьизарулел рагIабазул цIарал ритIун хIалтIизаризе, жидерго пикру загьир гьабизе, къваригIараб рагIи балагьизе. Гьединго гьез лъайхъвай гьабула синонимазулгун, антонимазулгун, битIараб ва хъвалсараб, цо ва гIемер магIнаялъул рагIабазулгун.

РагIул гIуцIиялъулгун цIалдохъабаз лъайхъвай гьабула 3 абилеб классалда. Гьезда лъала рагIулъ магIнаял бутIаби рихьизаризе, суффиксазул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьинаризе, кьибил цоял рагIаби цого цо рагIул формабаздаса ратIа гьаризе; рагIул форма яги цIияб рагIи лъугьинабулаго, аслуялъулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьал битIун

хисизе.

Байбихьул классазда малъула каламалъул бутIабиги.

Лъабабилеб ва укъабилеб классазда гьелго каламалъул бутIаби дагьалги гъваридго малъула. Глагол заманабазде хисизабизе, предметияб цIар падежазде сверизабизе, гьединго прилагательноял жинсазде ва гIемерлъул формаялде хисизаризе жеги гIатIидго ругьунлъула. Предметияб цIаралъул, жинсиял глаголазул, прилагательноязул жинс, цолъул ва гIемерлъул форма, глаголалъул заман ва мурадияб форма малъула 3 абилеб классалда. Предметияб цIаралъул гIадатал падежал лъазарула 3 абилеб классалда, бакIалъул падежал – 4 абилеб классалда (терминалги абичIого, практикияб къагIидаялъ). Гьелда тIадеги, 3 – 4 классазда цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабула цIарубакIалъулгун ва рикIкIеналъулгун. Наречиялъулгун лъималаз лъай-хъвай гьабула практикияб къагIидаялъ. Наречиялъул хIакъалъулъ гьезда лъала жиб иш лъугьараб куц, бакI, заман, къадар, гIилла-мурад баян гьабулеб каламалъул бутIа кколеблъи ва кин? киб? кибе? киса(н)? кида? щай? кигIан? абурал суалазе жаваблъун бачIунеблъи.

Байбихьул классазда предложениялъул хIакъалъулъ цIалдохъабазе щола гьадинал баянал:

I. Предложение ва, абулеб жоялъул мурадалдеги интонациялдеги балагьун, гьелъул тайпаби;

2. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал;
3. Предложениялда жаниб рагIабазул бухьен;
4. ТIибитIараб ва тIибитIичIеб предложение;
5. ГIадатаб ва жубараб предложение;
6. Предложениялъул тайпа цоял членал;

7. РагIабазул дандрай.

Гьезул хIакъалъулъ баян цIалдохъабазе щибаб классалда дагь-дагькkун щола.

3 классалда лъимал ругьун гьарула тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел ритIун цIализе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе.

Синтаксисиял темаби ва каламалъул бутIаби лъазарулаго, гьоркьоса къотIичIого, тIоритIула предложениялъулъ рагIабазул бухьен чIезабиялда, рагIабазул дандраял ратIа гьариялда ва гьел гIуцIиялда хурхарал хIалтIаби.

Классалдаса классалде гъварилъула гIадатаб предложениялъул синтаксисияб разбор гьабиялъул къагIидабиги.

Текст. Бухьараб калам цебетIезаби абураб бутIаялъулъ аслияб бакI ккола тексталда тIад гьабулеб хIалтIиялъги гьеб текст бичIчIизе ва гIуцIизе, гьединго тексталда тIаса жиндирго пикру бицине ругьун гьариялъул хIалтIабазги. Предложениялдаго гIадин, щибаб классалда

тексталда тIад хIалтIула тIубараб цIалул соналда. ХIакъикъаталда кIалзул ва хъвавул формаялда тексталда тIад хIалтIи щибаб дарсида гьабула. Гьедин лъималазухъа бажарула авар мацIалда тIаса щвараб лъаялдаса жидер калам цебетIезабиялъулъ пайда босизе.

«Текст. Бухьараб калам цебетIезаби» абураб разделалъулъ тексталда тIад гьабулеб хIалтIи гьал хадусел бутIабаздасан гIуцIун буго:

тексталъул хIакъалъулъ бичIчIи (текст ккола магIнаялъул ва грамматикияб рахъалъ кIиго я цIикIкIун цоцазда рухьарал предложениял); текст ва гIаммаб темаялъ цолъизаричIел, батIаго ругел предложениял цоцаздаса ратIа гьариялъул бажари лъугьинаби;

тексталъул тема (тексталъулъ цо сундулниги хIакъалъулъ бицунеб жоялда тема абула); тексталъул тема чIезабизе бажари, ай тексталъулъ сундул хIакъалъулъ бицунеб бугебали бихьизаби;

тексталъул аслияб пикру; мугIалимасул кумекалдалъун тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе бажари;

тексталда цIар лъей; тексталда цIар лъезе бажари (тексталъул аслияб пикруялде ва гьелъул темаялде мугъги чIван);

тексталъул гIуцIи; хабарияб текст бутIабазде биххизе бажари (байбихьи, аслияб бутIа ва ахир);

тексталъул бутIабазда гьоркьоб бугеб бухьен; тексталъулъ жидер кумекалдалъун аслияб бутIа ва байбихьи яги аслияб бутIа ва ахир цоцазда рухьарал рагIаби ратизе бажари; гIуцIулеб тексталъул бутIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе бажари;

тексталъул щибаб бутIаялда жанир ругел предложениязда гьоркьоб бухьен; жидер кумекалдалъун предложениял цоцазда рухьарал рагIаби ратизе бажари, масала: цIарубакIал, союзал;

тексталъулъ сипат-сурат гьабиялъул ресал; тексталъулъ метафорал, эпитетал, дандекквеял, олицетворениял рихьизаризе бажари; гьел киналго жидер каламалъулъ хIалтIизаризе бажари; Текстазул тайпаби: хабарияб текст, сипатияб текст ва пикрияб текст (лъай-хъвай гьаби);

изложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи; хIадурараб, яги киназго цадахъ гIуцIараб, ялъуни живго жиндаго чIун гIуцIараб планалда рекъон чидар текст (лъилниги сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун) цIи гьабун хъвазе бажари;

сочинениялъул хIакъалъулъ бичIчIи (бицун ва хъван); сюжетиял суратазда яги цо сураталда тIасан, гьединго цо кинаб бугониги темаялда тIасан текст гIуцIизе бажари; цебеккунго киналго гIахьаллъун дандбараб текст хъвазе бажари;

Тексталда тIад хIалтIулаго, хIисабалде росула гьелъул хIасил, гIуцIи ва сипат-сурат

гьабиялъул ресал.

Каламалъул культура борхизабиялъе гІоло программаялъ тІалаб гьабулеб буго ричІчІизе бигьаял гьал хадусел литературиял нормабазулгун лъай-хъвай гьабизе:

рагІаби битІун аби (орфоэпиял нормаби);

предложениял битІун гІуцІи ва рагІабазул дандраязулъ рагІабазул формаби битІун хІалтІизари (грамматикиял нормаби);

магІнаялъул рахъги хІисабалде босун, рагІаби битІун хІалтІизари (рагІаби хІалтІизариялъул къагІидаби);

ЦІалдохъанасул калам цебетІезабиялъулъ хІакъикъиял хІасилал кьезе ккани, гьезда литературияб мацІалъул нормабиги сипат-сурат гьабиялъул ресалги лъай гІоларо, къваригІуна авар мацІалъул ва цІалиялъул дарсазда, гьоркьоса къотІичІого, текстазул анализ гьабизе.

Литературияб мацІалъул нормабазда тІад хІалтІи практикияб къагІидаялъ гьабула. Гьеб хІалтІи тІобитІула рахьдал мацІалъул темаби лъазарулагоги, класс тун къватІисел дарсаздаги, изложениял ва сочинениял хъвалагоги, цІалиялъул дарсаздаги тІубараб цІалул лъагІелалъ. ЦІалдохъаби ругьун гьаризе ккола каламалъулъ ккарал гъалатІал цоцаз ритІизаризе ва батІи-батІиял тайпабазул словараздаса пайда босизе.

ЦІалдохъабазул калам цебетІезабиялъе чара гьечІого хІажалъула тайпа цоял членалгун гІадатал предложениялги кІиго гІадатаб предложениялдасан гІуцІараб журарал предложениялги цоцазда дандекквезе, битІараб каламгун предложениялда хадуб хал кквезе, нахърилълъиналъул союзрагІабигун ва союзрагІаби гьечІого журарал нахърилълъарал предложениязулгун лъай-хъвай гьабизе.

БитІараб каламгун предложениялги нахърилълъиналъул союзрагІабигун ва союзрагІаби гьечІого журарал нахърилълъарал предложениялги байбихьул классазда лъазаруларо. Амма лъималаз, изложениял ва сочинениял хъвазе хІадурлъулаго, гьединго творческиял хІалтІабазулъ риччарал гъалатІазул анализ гьабулаго, гьезул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула. Гьелда тІадеги, нилъеда лъала байбихьул классазул цІалдохъабаз жидер кІалзул ва хъвавул каламалъулъ гьединал предложениял гІатІидго хІалтІизарулеллъи. Гьединлъидал мугІалимас хІаракат бахъизе ккола гьезул гІуцІиги, гьел каламалъулъ хІалтІизариялъул хаслъиги лъималазда бичІчІизабизе.

МугІалимас, гьоркьоса къотІичІого, кІвар кьезе ккола цІалдохъанасул, гъалатІал риччачІого, битІун хъвазе бугеб бажари цебетІезабиялде. Гьелъие программаялда кьун руго хІарпаздалъун гьаркьал рихьизариялъул, цо мухъида инчІел рагІаби цоги мухъиде, слогазде рикьун, росиялъулги, рагІаби ратІа тІун хъваялъулги, кІудияб хІарп хъваялъулги къагІидаби.

Берцинго хъваялъе, хатІ куцаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьечІо.

Гьединлъидал щибаб грамматикаялъул дарсида 8–10 минуталъ мугIалимас тIадчIей гьабула цIалдохъабаз хъвалебщинаб жо берцингоги бацIцIадгоги букIинабиялде. Гьаниб кьола хатIалъул хашлъи тIагIинабиялде руссарал ругьунлъиялъул тIадкъаял, рихьизарула мисалиял хIарпал ва рагIаби.

Дидактикаялъул кIвар бугел суалазул цояб ккола контролиял (хъвавул) хIалтIабазул хIасилазул кьучIалда цIалдохъабазул лъайгун бажари борцин ва къимат лъей. Байбихьул классазда авар мацIалъул хъвавул хIалтIабазул аслиял тайпабилъун ккола: тIаде балагьун текст хъвай, эркенаб диктант, гIинзул ва берзул диктант, творческияб диктант, хIадурлъиялъул ва тIасабищул диктант, ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял.

Словариял диктантазе кьезе кколеб рагIабазул къадар букIине бегьула:

III классалда – 10–12

Хал гьабиялъул диктантал гьаризе рихьизарурал текстазулъ ругел рагIабазул къадар гIага-шагарго гьадинаб букIине бегьула:

III классалда – 55–60.

Ругьунлъиялъул изложениязе чIезабун буго гьаб къадар:

III классалда – 55–65.

Щибаб дарсида цIалдохъаби ругьунлъула цIалул тIехьгун хIалтIизе, битIун хъваялъеги цIалиялъеги жиндие къваригIунел къагIидаби, гьезда хурхарал хIалтIаби ва лъазарулел темаби хехго ратизе, хIалтIабазе кьурал киналго тIадкъаял тартибалда тIуразе, гьезул мурад бичIчIизе.

Квал-квал гьечIого, хадубккунги церехун ине лъималазе гIураб лъай щвеялъул мурадалда пайда босизе ккола батIи-батIиял дидактикиял хIаяздаса, хасго рекIелгъеялъул материалаздаса (кроссвордаздаса, шарадаздаса, ребусаздаса, болъабаздаса, грамматикияб ва битIунхъваялъул лотоялдаса ва гь.ц.)

Байбихьул классазул лъималазда кIоларо цо жоялда тIаде халат бахъун жидерго кIвар буссинабизе, гьел хехго свакала. Гьединлъидал дарсида цIалдохъабигун хIалтIиялъул къагIидаби батIи-батIиял рукIине ккола (мугIалимазухъ гIенекки, гарачIвари, тIахьалгун ва тетрадалгун хIалтIи, хъвавул ва кIалзул хIалтIаби иргаялда тIоритIи, мех-мехалда минутаялъул махсараби, расандаби ва физкультура гьаби).

Программаялда кьурал темабазе сагIтал рикьун руго мисалияб къагIидаялъ. Жиндирго хIалбихьиялде, цIалдохъабазул лъаялде ва щибаб классалда гьабулеб хIалтIул шартIазде балагьун, мугIалимасул ихтияр буго мустахIикъаблъун бихьулеб бакIалда сагIтазул хисабаси гьабизе.

Россиялда ва Дагъистаналда батIи-батIиял мацIал ва маданиятал рукIинги, гьел цоцада рухьарал рукIинги, мацI щибаб миллаталъул аслу кколеблъиги бичIчIи.

1. МацI миллияб маданияталъул аслуги гIадамал цоцада ричIчIиялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен чIезабиялъул алатги кколеблъи цIалдохъабазда бичIчIи; авар мацI Дагъистаналъул пачалихъияб мацI кколеблъиги, гьелъ магIарулазул миллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.

2. Авар мацIалъул (битIунабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, битIунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул) нормабазул ва каламалъул этикаялъул къагIидабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.

3. Инсанасул гражданлъи ва гIаммаб культура бихьизабулеб гIаламат хIисабалда битIараб кIалзул ва хъвавул каламалдехун лъикIаб бербалагьи букIинаби.

4. ЗахIматал гурел текстал гIуцIулаго, бухьеналъулал масъалаби тIуразаризе, дандекколел мацIалъул алатал тIаса рищизеги, цогидазда кIалъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мацIалъул алатазул хIисаб гьабизеги бажари.

5. ГъалатIал гьечIеб хъвай-хъвагIаялъ жиндирго культураялъул даража загьир гьабулеблъи бичIчIи; текстал хъвалаго, лъалхъул ишараби лъеялъул ва битIунхъваялъул къагIидабаздаса (правилабаздаса) пайда боси.
Хъвараб жоялъул хал гьабизе бажари.

6. Фонетикаялъул ва графикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул (морфемикалъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул; мацIалъул аслиял бутIабазул, гьезул гIаламатазул ва гьел каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.

7. МацIалъул грамматикиял категориял, гьелъул аслиял бутIаби ратIа рахъизе лъаялъул ва гьезул анализ гьабиялъул бажариял лъугьинари.

## Курсалъул материал. Каламалъул тайпаби

### ГIенеккун (гIинтIамун) рагIараб жо бичIчIи.

ГIадатаб гара-чIвариялъулъ цогидаз бицунеб жоялъул магIна ва мурад бичIчIи. ГIенеккун рагIараб калам данд рекъон кколеб хIалалъ бичIчIи. ПасихIго цIаларал яги художествияб къагIидаялъ рицарал маргъабазул, харбазул ва кучIдузул магIна бичIчIи ва лъурал суалазда рекъон гьезул хIасил бицин. Бицараб маргъаялъул ва хабаралъул хIасилалда тIасан кьурал суалазе жаваб гьаби. АскIов гIодов чIун, хабар-кIалалда вугев чиясул каламалъухъ гIенеккизе бугеб бажари цебетIезаби (ай гьеб каламалъул анализ гьабизеги, данде къотIарун, диалог гьоркьоб къотIизе тунгутIизеги, суалал кьезеги бажари).

Гаргади.

Хурхен гьабиялъул масъала хIасил кьолеб куцалда тIубазабиялъе гIоло цере лъурал шартIазда ва мурадазда рекъон гаргадиялъул къагIидаби тIаса рищи. Диалогалъулъ гIахьаллъизе лъай.

КIалъа-ралъай байбихьизе, гьоркьоб къотIизе тунгутIизе, лъугIизабизе ва жиндирго гIакълуялдалъун жиндехунго ракI цIазабизе бажари. Лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, хабар бицине бажари. Каламалъул этикаялъул нормаби (ай салам кьезеги, къомех лъикI гьабизеги, тIаса лъугьинеги, баркала кьезеги, лъидехунниги гьаригун хитIаб гьабизеги) лъай. БитIун абиялъул нормаби ва интонация цIуни.

ЦIали.

ЦIалул текст бичIчIи. КъваригIараб материал батиялъул мурадалда тIаса бищун цIали. Тексталъулъ рихьдаего кьураб информация бати. Тексталъулъ бугеб информациялъул кьучIалда цо кинаб бугониги хIасилалде рачIине. Тексталъулъ бугеб информациялъе баян кьей ва гьеб гIаммлъизаби. Тексталъул хIасилалъул, гьелъул гIуцIиялъул ва мацIалъул хаслъиялъул анализ гьаби ва гьезие къимат кьей.

Хъвадари.

Гигиеналъул тIалабазда рекъон бичIчIулеб (бигьаго цIализе кIолеб), берцинаб хатIалъ хъвадаризе лъай. Лъазарурал къагIидабазда рекъон абун ва тIаде балагьун хъвай. ЦIалараб ва гIенеккун рагIараб тексталъул хIасил мухIканго яги тIаса бищун хъвай. Жиндир гIумруялъулъ ккараб лъугьа-бахъиналъул, сверухъ бугеб тIабигIаталъухъ халкквеялъул, пайдаял ишазул, литературиял асаразул ва гь.ц. хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, гьитIиналго харбал херхине.

Хъвай-цIали малъи ккола цадахъаб тадбир: цIализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щулалъизе гьабула калам цебетIезабиялъул хIалтIаби тIоритIулаго, ай гьаркьаздасан рагIи, рагIабаздасан предложение, предложениял дандран хабар гIуцIизе ругьун гьарулаго.

Фонетика.

Каламалъул гьаркьал ва гьезул характеристика. РагIул магIнаги гьелъул гьаркьилаб гIуцIиги цоцада рухьарал рукIин бичIчIи.

РагIулъ жалго жидедаго чIарал гьаркьал рихьизари. РагIулъ гьаркьазул къадар ва тартиб чIезаби, сипат-суратаблъулалгин символиял схемабазулъ гьел хъвай.

Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIа гьари. Гьел схемабазулъ рихьизари. Абиялъул бищунго гьитIинаб бутIа хIисабалда слог. РагIаби слогазде риххи, рагьарал, къарал ва рахарал слогал. Ударение. РагIулъ ударение тIаде кколеб бакI бихьизаби, ударение бугелги ударение гьечIелги слогал ратIа рахъи,

РагІабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе (рагІулъ гьаркьазул къадар чІезабизе, рагІул бетІералда, бакьулъ, ахиралда букІаниги, гьеб гьаракь бугеб бакІ лъазе, ударение бугеб слог бихьизабизе) лъай.

## Графика.

Гьаркьал ва хІарпал ратІа рахъи: хІарп гьаркьил ишара ккола. Гьаркьал хІарпаздалъун рихьизаризе бажари. *Е, ё, ю, я* рагьарал хІарпал. Ъ гьаракь ва х1арп. Ь хІарп. Гьез тІубалеб хъулухъ.

Авар алфавиталъулгун (хІарпазул тартибалъулгун) лъай-хъвай гьаби.

## ЦІали.

Слогалккун цІалиялъул бажари лъугьинаби. Лъимералъул хасаб темпалда дандекколеб хехлъиялда слогалккун ва рагІабиккун цокІалаяб цІали. РагІаби, рагІабазул дандраял, предложениял ва къокъал текстал бичІчІун цІали. Лъалхъул ишарабазда рекъон лъалхъи гьабун ва интонация цІунун, цІали. ЗахІматал гурел гьитІинал текстал ва кучІдул бичІчІун ва пасихІго цІалиялъул бажари цебетІезаби. Живго жиндаго чІун яги мугІалимасул кумекалдалъун цІалараб текст, такрар гьабун (ай цІидасан), бицин.

РагІаби, къокъал предложениял, захІматал гурел гьитІинал текстал гІедегІичІого битІун цІализе ругьун гьари. МугІалимас абун яги тІаде балагьун, хъвараб жо хал гьаби мурадалда хал кквезе, битІунхъваялъул къагІидабиги цІунун, цІализе ругьун гьари.

## Хъвадари.

Хъвадарулаго битІун гІодор чІезе, тетрадь партаялда лъезе, ручка, къалам битІун кквезе лъимал ругьун гьари. КІудиял ва гьитІинал хІарпал битІун хъвазе ва гьел рагІабазулъ цолъизаризе бажари.

Гигиеналъул нормабиги цІунун, хІарпал, слогал, рагІаби, предложениял хъвазе ругьун гьари. БацІцІадаб ва бичІчІулеб (ай бигьаго цІализе кІолеб) хатІалъ хъвадаризе лъай.

Цин мугІалимас тетрадазда кьурал, цинги азбукаялда ругел рагІаби ва предложениял, тІаде балагьун, хъвазе лъай. МугІалимас абурал рагІухъе хъвалел рагІаби ва гьединал рагІабаздаса данде гьарурал предложениял хъвазе бажари. Текст, тІаде балагьун битІун хъваялъул тартиб ва къагІидаби лъай.

ХІарпаздалъун рихьизаруларел графикиял гІаламатаз (ай рагІабазда гьоркьоб хутІараб чІобогояб бакІалъ, рагІаби цо мухъидаса цоги мухъиде рикьун росиялъул ишараялъ) тІубалеб хъулухъ бичІчІи.

## РагІи ва предложение.

РагІи анализ гьабиялъул материал ва цІех-рех гьабиялъул предмет (ай объект) ккoлеблъи бичІчІи. РагІул лексикияб магІнаялда хадуб халкквей.
РагІи гьаркьаздасан гІуцІун букІунеблъи лъай. Цоцазулгун гьоркьоблъи гьабиялъулъ рагІул бугеб кІвар лъай. Предметал, предметазул гІаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагІаби каламалъулъ битІун хІалтІизаризе бажари.

РагӀаби ва предложениял ратӀа рахъизе бажари. Предложениялъулъ рагӀаби ратӀа гьаризе, гьезул тартиб хисизе бажари. Предложениялъулъ интонация цӀунизе лъай.

БитӀунхъвай.

геминатал ва лабиалиял гьаркьал хӀарпаздалъун рихьизари;

хасал цӀаразул бетӀералда ва предложениялъул авалалда кӀудияб хӀарп хъвай;

рагӀаби слогалккун цо мухъидаса цоги мухъиде роси; предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби лъей.

Калам цебетӀезаби.

Жиндир гӀумруялъулъ ккарал лъугьа-бахъиназул, хӀаязул хӀакъалъулъ, сюжетияб сураталдасан гьитӀинабго хабар херхине бажари. БицанкӀабазе жавабал кьезе, кучӀдул рекӀехъе лъазаризе; кицаби, абиял каламалъулъ хӀалтӀизаризе, рекӀехъе лъазарурал кучӀдул пасихӀго рикӀкӀине бажари.

# Авар мацӀалъул курс 3 класс (34 сагӀат)

## КӀиабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби

МацӀалъул ва каламалъул бутӀа хӀисабалда текст, предложение ва рагӀи. Предмет, предметалъул гӀаламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел рагӀаби.

Гьаркьал ва хӀарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Е, ё, ю, я рагьарал хӀарпал. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал[1].

## Предложение. РагӀабазул дандрай.

Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тӀалабияб. Интонациялде балагьун, ахӀул предложение.

Предложениялъул бетӀерал членал: подлежащее, сказуемое ва битӀараб дополнение.

Предложениялъул бетӀерал гурел членал.

Предложениялъулъ рагӀабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

ГӀадатал тӀиритӀарал ва тӀиритӀичӀел предложениял. Предложениялъул ахиралда тӀанкӀ, суалияб ва ахӀул ишара. ГӀадатал ва жcurарал предложениял. РагӀабазул дандрай. РагӀабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагӀи. РагӀабазул дандраязулъ рагӀабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

## Текст

Текст, тексталъул гӀаламатал: тема, аслияб пикру загьир гьаби, цӀар лъей.

## РагӀул гӀуцӀи

МагӀна гӀагарал рагӀаби. РагӀул магӀнаял бутӀабазул (кьибилалъул, ахиралъул, аслуялъул ва суффиксалъул) хӀакъалъулъ гӀаммаб бичӀчӀи. Ахиразул кумекалдалъун рагӀул

форма хисиялда ва суффиксазул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьиналда хадуб хал кквей. Кьибил цоял рагIаби ва цого цо рагIул формаби (дандекквей).

РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял (лъай-хъвай гьаби).

## Лексика

РагIул лексикияб магIна (гIаммаб бичIчIи). ГIемер магIнаялъулал рагIаби.
БитIараб ва хъвалсараб магIнаялда рагIаби хIалтIизари. Синонимал. Антонимал.

## Каламалъул бутIаби

Предметияб цIаралъулгун, прилагательноялъулгун, глаголалъулгун, рикIкIеналъулгун, цIарубакIалъулгун, наречиялъулгун гIаммаб лъайхъвай гьаби.

## Предметияб цIар.

Предметияб цIаралъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Хасал ва гIаммал предметиял цIарал. Хасал предметиял цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Предметияб цIаралъул жинс: чиясул, чIужуялъул ва гьоркьохъеб.

Предметияб цIаралъул цолъул ва гIемерлъул форма. ГIицIго цолъул формаялда хIалтIизарулел яги гIицIго гIемерлъул формаялда хIалтIизарулел предметиял цIарал[2].

Предметиял цIарал падежазде свери *(асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п. ва жинда п.).*

## Прилагательное.

Прилагательноялъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Прилагательноялгун предметиял цIарал рухьун рукIин. Цого яги гIага--шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги прилагательноял. Прилагательноял - антонимал каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял жинсазде хиси. Прилагательноял формабазде хиси.

## РикIкIен.

РикIкIеналъул магIна ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?). Къадаралъул ва иргадул рикIкIенал ва гьезул битIунхъвай.

## Глагол.

Глаголалъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъай-хъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб цIаргун рекъон ккей.

Глаголалъул мурадияб форма. Глаголал заманабазде хиси: бачIунеб, гьанже, араб, гIахьалаб заман. Цого яги гIага-шагарал магIнаялъул глаголалги гIаксаб магIнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гIемер магIнаялъул глаголал. БитIараб ва хъвалсараб магIнаялъул глаголал каламалъулъ хIалтIизари.

## Текст. Бухьараб калам цебетIезаби

Тексталъул (яги каламалъул) тайпабазул гIаммаб бичIчIи: хабарияб текст, сипатияб текст, пикрияб текст. Ишалъулабги художествиябги калам. ЦIалараб текст бутIабазде биххизе ва гьезда цIарал лъезе бажари. Киназго цадахъ яги жинцаго гIуцIараб планалда рекъон, хабарияб изложение хъвай. Сюжет гьечIелги сюжеталъулалги суратаздаса харбал херхине лъай (бицунги хъванги).

## РикIкIен.

РикIкIеналъул магIна ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?). Къадаралъул ва иргадул рикIкIенал ва гьезул битIунхъвай.

## Глагол.

Глаголалъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъай-хъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб цIаргун рекъон ккей.

Глаголалъул мурадияб форма. Глаголал заманабазде хиси: бачIунеб, гьанже, араб, гIахьалаб заман. Цого яги гIага-шагарал магIнаялъул глаголалги гIаксаб магIнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гIемер магIнаялъул глаголал. БитIараб ва хъвалсараб магIнаялъул глаголал каламалъулъ хIалтIизари.

## Текст. Бухьараб калам цебетIезаби

Тексталъул (яги каламалъул) тайпабазул гIаммаб бичIчIи: хабарияб текст, сипатияб текст, пикрияб текст. Ишалъулабги художествиябги калам. ЦIалараб текст бутIабазде биххизе ва гьезда цIарал лъезе бажари. Киназго цадахъ яги жинцаго гIуцIараб планалда рекъон, хабарияб изложение хъвай. Сюжет гьечIелги сюжеталъулалги суратаздаса харбал херхине лъай (бицунги хъванги).

# Авар мацI 4 класс

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьочIое росун.

Жакъасеб школалда тIадаб борч ккола гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб ва щулияб гIелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хIалтIизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби. Гьеб масъала гIумруялде бахъинабиялъулъ кIудияб бакI ккола рахьдал мацIалъ.

Байбихьул классазда рахьдал мацI малъула кIиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:

3. НахъгIунтIиялъулаб мурад (мацIалъул хIакъалъулъ бугеб гIелмуялъул аслиял бутIабазулгун лъай-хъвай гьаби ва гьелъул кьучIалда цIалдохъабазул логикияб пикру ва гIаламаталгин символикияб бичIчIи лъугьинаби);

4. Социокультурияб мурад (цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб бажари лъугьинаби: кIалзул ва хъвавул калам, монологияб ва диалогияб калам, гьединго, грамматикиял гъалатIал риччачIого, хъваялъул бажари цебетIезаби).

# Курс лъуг1ун хадуб кьолел х1асилал

Байбихьул школа лъугIарал цIалдохъаби гьал хадусел хIасилазде щола:

Напсиял хIасилал

1.Жиндирго ВатIаналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса чIухIиялъул асар бижизаби, жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вукIин бичIчIи.

2.Цоцазда рухьарал, амма цоцазда релълъинчIел тIабигIаталдехун, миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, ай кIибикьичIеб, обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби.

3.Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.

4.ЦебетIун хисулеб дунялалде черх ругъунлъизаби.

5.ЦIалиялдехун интерес бижизаби.

6.Обществоялда чиясул хьвада-чIвадиялъул къагIидабазул ва гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб (ай социалияб) ритIухълъиялъулги эркенлъиялъулги кьучIалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби.

7.Эстетикиял бичIчIиял, хIажалъаби ва бечелъаби лъугьинари.

8.Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.

9.ГIел бащадазда ва цIикIкIаразда цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.

10. ХIинкъи гьечIеб, паракъатаб, чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб гIумру гьабизе мурад лъей; творческияб хIалтIуде гьира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби; материалияб ва рухIияб бечелъабазул тIалабагъаз гьабизе бажари.

Метапредметияб хIасилал

1. ЦIалиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел тIуразариялъул къагIидаби ралагьизе бажари.

2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала тIубазабиялъул шартIазде балагьун, жиндирго цIалиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадуб хал ккvезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.

3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайда боси.

4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъгIунтIиялъулал масъалаби тIуразе, каламалъул алатал жигаралда хIалтIизари.

5. Информация балагьиялъул (баян кьолел тIахьаздаса), гьеб бакIариялъул, гьелда тIад хIалтIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьеб гIуцIиялъул ва кьеялъул, гьелъул магIна бичIчIизабиялъул батIи-батIияв къагIидаби хIалтIизари.

6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, батIи-батIияв стилалъул ва жанразул текстал бичIчIун цIализе бажари.

7. Цо чIванкъотIарал предметал данде ккvезеги, гьезул анализ ва синтез гьабизеги, гьел гIаммлъизаризеги, кинал ругониги гIаламатаздалъун тIелазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, гIиллаялъулабгин цIехрехалъулаб бухьен чIезабизеги, гьезда тIаса пикру загьир гьабизеги бажари, ай логикиял хIалтIаби гьаризе лъай.

8. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIияв пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир

гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.

9. ГIаммаб мурад цебе лъезеги гьеб тIубазабиялъул нухал ралагьизеги бажари; цадахъ гьабулеб хIалтIи щибасда гьоркьоб бикьизе, къотIи-къай гьабизеги, цадахъаб хIалтIулъ цоцазда хадуб хал кквезеги, данд рекъон кколеб хIалалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-чIвадиялъе къимат кьезеги бажари.

10. Лъилниги рахъ кквечIого, щивас загьир гьабураб пикруги хIисабалде босун, дагIба-рагIи къотIизе бажари.

11. Предметиял ва предметазда гьоркьосел аслиял бичIчIиял лъай.

12. ЦIалулъ жинца кьолел лъикIал яги квешал хIасилазул гIилла бичIчIизеги, нагагьлъун цIалулъ нахъе ккани, гьениса ворчIизеги бажари.

Предметиял хIасилал

8. Россиялда ва Дагъистаналда батIи-батIиял мацIал ва маданиятал рукIинги, гьел цоцада рухьарал рукIинги, мацI щибаб миллаталъул аслу кколеблъиги бичIчIи.

9. МацI миллияб маданияталъул аслуги гIадамал цоцада ричIчIиялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен чIезабиялъул алатги кколеблъи цIалдохъабазда бичIчIи; авар мацI Дагъистаналъул пачалихъияб мацI кколеблъиги, гьелъ магIарулазул миллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.

10. Авар мацIалъул (битIунабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, битIунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул) нормабазул ва каламалъул этикаялъул къагIидабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.

11. Инсанасул гражданлъи ва гIаммаб культура бихьизабулеб гIаламат хIисабалда битIараб кIалзул ва хъвавул каламалдехун лъикIаб бербалагьи букIинаби.

12. ЗахIматал гурел текстал гIуцIулаго, бухьеналъулал масъалаби тIуразаризе, дандекколел мацIалъул алатал тIаса рищизеги, цогидазда кIалъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мацIалъул алатазул хIисаб гьабизеги бажари.

13. ГъалатIал гьечIеб хъвай-хъвагIаялъ жиндирго культураялъул даража загьир гьабулеблъи бичIчIи; текстал хъвалаго, лъалхъул ишараби лъеялъул ва битIунхъваялъул къагIидабаздаса (правилабаздаса) пайда боси.

Хъвараб жоялъул хал гьабизе бажари.

14. Фонетикаялъул ва графикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул (морфемикалъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул; мацIалъул аслиял бутIабазул, гьезул гIаламатазул ва гьел каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.

15. МацIалъул грамматикиял категориял, гьелъул аслиял бутIаби ратIа рахъизе лъаялъул ва гьезул анализ гьабиялъул бажариял лъугьинари.

# Курсалъул материал

## Каламалъул тайпаби

ГIенеккун (гIинтIамун) рагIараб жо бичIчIи.

ГIадатаб гара-чIвариялъулъ цогидаз бицунеб жоялъул магIна ва мурад бичIчIи. ГIенеккун рагIараб калам данд рекъон кколеб хIалалъ бичIчIи. ПасихIго цIаларал яги художествияб къагIидаялъ рицарал маргьабазул, харбазул ва кучIдузул магIна бичIчIи ва лъурал суалазда рекъон гьезул хIасил бицин. Бицараб маргьаялъул ва хабаралъул хIасилалда тIасан кьурал суалазе жаваб гьаби. АскIов гIодов чIун, хабар-кIалалда вугев чиясул каламалъухъ гIенеккизе бугеб бажари цебетIезаби (ай гьеб каламалъул анализ гьабизеги, данде къотIарун, диалог гьоркьоб къотIизе тунгутIизеги, суалал кьезеги бажари). Гаргади.

Хурхен гьабиялъул масъала хIасил кьолеб куцалда тIубазабиялъе гIоло цере лъурал

шартIазда ва мурадазда рекъон гаргадиялъул къагIидаби тIаса рищи. Диалогалъулъ гIахьаллъизе лъай.

КIалъа-ралъай байбихьизе, гьоркьоб къотIизе тунгутIизе, лъугIизабизе ва жиндирго гIакълуялдалъун жиндехунго ракI цIазабизе бажари. Лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипатсурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, хабар бицине бажари. Каламалъул этикаялъул нормаби (ай салам кьезеги, къомех лъикI гьабизеги, тIаса лъугьинеги, баркала кьезеги, лъидехунниги гьаригун хитIаб гьабизеги) лъай. БитIун абиялъул нормаби ва интонация цIуни.

ЦIали.

ЦIалул текст бичIчIи. КъваригIараб материал батиялъул мурадалда тIаса бищун цIали. Тексталъулъ рихьдаего кьураб информация бати. Тексталъулъ бугеб информациялъул кьучIалда цо кинаб бугониги хIасилалде рачIине. Тексталъулъ бугеб информациялъе баян кьей ва гьеб гIаммлъизаби. Тексталъул хIасилалъул, гьелъул гIуцIиялъул ва мацIалъул хаслъиялъул анализ гьаби ва гьезие къимат кьей.

Хъвадари.

Гигиеналъул тIалабазда рекъон бичIчIулеб (бигьаго цIализе кIолеб), берцинаб хатIалъ хъвадаризе лъай. Лъазарурал къагIидабазда рекъон абун ва тIаде балагьун хъвай. ЦIалараб ва гIенеккун рагIараб тексталъул хIасил мухIканго яги тIаса бищун хъвай. Жиндир гIумруялъулъ ккараб лъугьа-бахъиналъул, сверухъ бугеб тIабигIаталъухъ халкквеялъул, пайдаял ишазул, литературиял асаразул ва гь.ц. хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, гьитIиналго харбал херхине.

Хъвай-цIали малъи ккола цадахъаб тадбир: цIализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щулалъизе гьабула калам цебетIезабиялъул хIалтIаби тIоритIулаго, ай гьаркьаздасан рагIи, рагIабаздасан предложение, предложениял дандран хабар гIуцIизе ругьун гьарулаго.

Фонетика.

Каламалъул гьаркьал ва гьезул характеристика. РагIул магIнаги гьелъул гьаркьилаб гIуцIиги цоцада рухьарал рукIин бичIчIи.

РагIулъ жалго жидедаго чIарал гьаркьал рихьизари. РагIулъ гьаркьазул къадар  ва тартиб чIезаби, сипат-суратаблъулалгин символиял схемабазулъ гьел хъвай.

Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIа гьари. Гьел схемабазулъ рихьизари.        Абиялъул бищунго гьитIинаб бутIа хIисабалда слог. РагIаби слогазде риххи, рагьарал, къарал ва рахарал слогал. Ударение. РагIулъ ударение тIаде кколеб бакI бихьизаби, ударение бугелги ударение гьечIелги слогал ратIа рахъи,

РагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе (рагIулъ гьаркьазул къадар чIезабизе, рагIул бетIералда, бакьулъ, ахиралда букIаниги, гьеб гьаракь бугеб бакI лъазе, ударение бугеб слог бихьизабизе) лъай.

Графика.

Гьаркьал ва хIарпал ратIа рахъи: хIарп гьаркьил ишара ккола. Гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе бажари. *Е, ё, ю, я* рагьарал хIарпал. Ъ гьаракь ва х1арп. Ь хIарп.  Гьез тIубалеб хъулухъ.

Авар алфавиталъулгун (хIарпазул тартибалъулгун) лъай-хъвай гьаби.

ЦIали.

Слогалккун цIалиялъул бажари лъугьинаби. Лъимералъул хасаб темпалда дандекколеб хехлъиялда слогалккун ва рагIабиккун цокIалаяб цIали. РагIаби, рагIабазул дандраял, предложениял ва къокъал текстал бичIчIун цIали. Лъалхъул ишарабазда рекъон лъалхъи гьабун ва интонация цIунун, цIали. ЗахIматал гурел гьитIинал текстал ва кучIдул бичIчIун ва пасихIго цIалиялъул бажари цебетIезаби. Живго жиндаго чIун яги мугIалимасул кумекалдалъун цIалараб текст, такрар гьабун (ай цIидасан), бицин.

РагIаби, къокъал предложениял, захIматал гурел гIитIинал текстал гIедегIичIого битIун цIализе ругьун гьари. МугIалимас абун яги тIаде балагьун, хъвараб жо хал гьаби мурадалда хал кквезе, битIунхъваялъул къагIидабиги цIунун, цIализе ругьун гьари.

| Разделазда ц1арал | Мисалияб программа | Х1алт1ул программа |
|---|---|---|
| Такрар гьаби | 4 саг1ат | 3 саг1ат |
| Предметияб ц1ар | 20 саг1ат | 5 саг1ат |
| Прилагательное | 4 саг1ат | 4 саг1ат |

Хъвадари.

Хъвадарулаго битIун гIодор чIезе, тетрадь партаялда лъезе, ручка, къалам битIун кквезе лъимал ругьун гьари. КIудиял ва гьитIинал хIарпал битIун хъвазе ва гьел рагIабазулъ цолъизаризе бажари.

Гигиеналъул нормабиги цIунун, хIарпал, слогал, рагIаби, предложениял хъвазе ругьун гьари. БацIцIадаб ва бичIчIулеб (ай бигьаго цIализе кIолеб) хатIалъ хъвадаризе лъай.

Цин мугIалимас тетрадазда кьурал, цинги азбукаялда ругел рагIаби ва предложениял, тIаде балагьун, хъвазе лъай. МугIалимас абурал рагIухъе хъвалел рагIаби ва гьединал рагIабаздаса данде гьарурал предложениял хъвазе бажари. Текст, тIаде балагьун битIун хъваялъул тартиб ва къагIидаби лъай.

**IV класс (34 сагIат)**

Мисалияб программаялдаги х1алт1ул программаялдаги рихьизарурал саг1тазул къадар цого буго (68-68саг1ат).

Гьединлъидал учителасул х1алт1ул программаялъул разделазда жанир хиса-басиял ккун гьеч1о:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ц1арубак1 | 4 саг1ат | 4 саг1ат | |
| Глагол | 20 саг1ат | 10 саг1ат | |
| Предложение | 16 саг1ат | 5 саг1ат | |
| Такрар гьаби | | | |
| Кинабниги | 68 саг1ат | 34 саг1ат | |

## Лъабабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби

Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Геминатал. Лабиалиял гьаркьал. *Е,ё,ю,я* хIарпал. *Й* гьаракь ва хIарп. *Щ, Ш* рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. *Ъ* гьаракь ва хIарп. *Ь* хIарп.

РагIул гIуцIи (кьибил, ахир, аслу ва суффикс). Кьибил цоял рагIаби. РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял. Каламалъул бутIаби. Каламалъул бутIаби хIисабалда предметиял цIаразул, прилагательноязул, глаголазул гIаламатал гIаммлъизари: гIаммаб магIна, суалал, гьезул хисуларел ва хисулел категориял, предложениялъулъ гьез тIубалеб хъулухъ.

Каламалъул бутIа хIисабалда предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениялъул тайпаби. Предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. РагIабазул дандрай.

Текст. Текстальул тайпаби. Текстальул тема ва аслияб пикру загьир гьаби. Текстальда цIар лъей. Текстальул бутIаби ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен.

### Предложение. Предложениялъул тайпа цоял членал.

Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал (гIаммаб бичIчIи). Предложениялъул тайпа цоял членал (гIаммаб баян). Тайпа цоял членал союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизари. Тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел битIун цIализе ругьун гьари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизарурал тайпа цоял членалгун гIадатал предложениял ва журарал предложениял цоцазда дандекквей.

### Текст

Текстальул хIакъалъулъ щварал баянал гIаммлъизари: текстальул тема ва гьелъулъ аслияб пикру загьир гьаби, текстальда цIар лъей, текстальул гIуцIи ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен, текстальул план гIуцIи.

### Каламалъул бутIаби Предметияб цIар

Цолъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери. Предметиял цIарал падежазде свериялъул тайпаби: I свери, II свери, III свери.

ГIадатал падежал: *аслияб падеж, актив падеж, хаслъул падеж, кьовул падеж.* Гьезул ахиразул битIунхъвай.

БакIалъул падежал.[3] Гьезул ахиразул битIунхъвай.

ГIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери.

Прилагательное

Прилагательноялъул лексикияб магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ.

Прилагательное жинсалъулъ, цолъул ва гIемерлъул формаялъулъ хиси.

Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде свери.

Прилагательноязул битIунхъвай.

### ЦIарубакI

Каламалъул бутIа хIисабалда цIарубакI. ТIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб гьумералъул цIарубакIал. ЦIарубакIал каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъи. Гьумералъул цIарубакIал падежазде свери. ЦIарубакIазул битIунхъвай.

### Глагол

Каламалъул бутIа хIисабалда глагол: глаголалъул лексикияб магIна, глаголазул суалал. Глаголияб цIар. Глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал, жинсиял глаголал жинсгун цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал заманабазде хиси: араб, бачIунеб ва гIахьалаб заманалъул гIадатал глаголал; араб, бачIунеб ва гьанже заманалъул составиял глаголал. Глаголазул битIунхъвай.

### Наречие

Каламалъул бутIа хIисабалда наречие. Гьелъул лексикияб магIна ва суалал. Наречиял каламалъулъ хIалтIизари. Каламалъулъ гIемер хIалтIизарулел наречиязул битIунхъвай.

### Словарияб хIалтIи

Каламалъулъ битIараб ва хъвалсараб магIнаялъул рагIаби, синонимал ва антонимал хIалтIизари.

### Текст. Бухьараб калам цебетIезаби

Текст ва гьелъул аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей.
Хабарияб, сипатияб ва пикрияб тексталъул гIуцIи.

Киназго цадахъ ялъуни жалго ургъун, гIуцIараб планалда рекъон, сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе лъай. Сураталдасан хабарияб сочинение, хъвазе лъай. Цо лъилниги яги сундулниги хIакъалъулъ, сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, сочинение хъвазе лъай.

Текст гIуцIулаго, эпитетаздаса, метафораздаса, дандекквеяздаса, олицетворенияздаса, гьединго синонимаздаса, антонимаздаса ва гь.ц. пайда боси.

## Берцинго хъвай

Берцинго хъваялъе ва хатI къачIаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьечIониги, цересел классаздаго гIадин, гьанибги берцин хъваялде ва хатI къачIаялде кидагосеб кIвар кьела.

БитIун хъвазе захIматал рагIаби: бакъанигIуж, бакIа-бахари, бакъдебусс, бекIкIи, БецIкъварилъи, Сулахъ гIор, ГIарахъ-мегIер, волейбол, ворта-хъети, вуцIцIухIун, гъадибусен, бадиса-бадибе, кIалагъоркье, махсароде, рекIетIа, гьанжего-гьанже, гьанамахI, гьитIинкилищ, гьоркьобакI, гIалагъважа, гIамалквеш, гIамалберцин, гIоркIкIен, гIурччинхер, жура-гъуран, тIадерахъи, малъухъе, дандерижи, захIмалъи, инжилъи, комбайн, экскурсия, шофер, кIийида, ункъида, лъаб-лъабккун.

# Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал

Напсиял хIасилал:

школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби;

мугIалимасул, цадахъ цIалулел гьалмагъзабазул ва эбел-инсул рахъалъан щвараб къиматги хIисабалде босун, жинца жиндиего къимат кьезе бажари;

инсанасул напсалъул лъикIаб хасиятги обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул

гьоркьоблъиялда бухьараб  рахъ лъалеблъиги бихьизабулел кIвар ва магIна бугел мурадал цере лъей.
Метапредметиял хIасилал:
рахьдал мацI гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIи;
цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб гIаммлъизабизеги, тIелазде бикьизеги, релълъаралда дандекквезеги, гьелъулъ къваригIараб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;
информациялъулаб культураялда бухьарал (ай цIалиялъул, хъвадариялъул, цIалул тIехьгун хIалтIиялъул) бажарилял куцай;
цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал кквезе, гьелъие къимат кьезе, мухIканго мурад лъезе, гъалатIал ритIизаризе бугеб бажари лъугьин; мацIалъул бечелъи бичIчIи ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;
хурхен гьабиялъул батIи-батIиял масъалаби тIуразариялъе гIоло каламалъул ва мацIалъул алатал хIалтIизаризе щвалде щун лъай;
Предметиял хIасилал:
Рахьдал мацIалъул курс лъазабулаго, ункъабилеб классалъул цIалдохъаби ругьунлъула:
лъазарурал каламалъул бутIабазул гIаламатал рихьизаризе;
предложениялъул тайпа цоял членазул гIаламатал рихьизаризе;
гъалатIал риччачIого, малъарал битIунхъваялъул къагIидабиги цIунун,
60–70 рагIи бугеб диктант хъвазе;
геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел хIарпал гъорлъ ругьел рагIабазул фонетикияб разбор гьабизе;
рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе (рагIулъ кьибил, суффикс, аслу ва ахир бихьизабизе);
рагIул морфологияб разбор гьабизе (предметияб цIаралъул байбихьул форма, жинс, цолъул ва гIемерлъул форма, падеж; прилагательноялъул жинс, цолъул ва гIемерлъул форма; глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма, заман, цолъул ва гIемерлъул форма, жинсиял глаголазул жинс бихьизабизе);
предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (предложениялъул тайпа чIезабизе, бетIерал членал рихьизаризе, суалаздалъун бетIерал членаздаги бетIерал гурел членаздаги гьоркьоб бухьен чIезабизе);
тайпа цоял членалгун предложениял каламалъулъ хIалтIизаризе;
тексталъул тема чIезабизе ва гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе;
тексталда цIар лъезе;
тексталъул план гIуцIизе;
хабариял, сипатиял ва пикриял текстал ратIарахъизе ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе;
лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе;
лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, сочинение хъвазе;
кIалзул ва хъвавул каламалъулъ хабариял, суалиял, тIалабиял ва ахIул предложениял ратIа рахъизе ва гьездаса пайда босизе;
тIиритIарал предложениял, тайпа цоял членалгун предложениял ва журарал предложениял цоцаздаса ратIа рахъизе ва каламалъулъ битIун хIалтIизаби.

## Календарно-тематическое планирование по родному языку (письмо) I класс

| | Дата | | Программное содержание | Часы | Словарная работа | Наглядност |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | план | факт | | | | |

| | | | | | | ь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 02.09 | 02.09 | Берцинхъвай Хlалтlул мухъ.Хlалтlулаб мухъал гъоркьияб хlуч. | 1 | Хъарпуз,кlукьмах | Сурат |
| 2 | 9.09 | 9.09 | Хоноккараб гургинлъи,бащадаб хоноккараб гургинлъи Халатал ва къокъал гьетlарал хlуччал. | 1 | Хъухъадиро, кьохорхо | Сурат |
| 3 | 16.09 | 16.09 | Квегlаб рахъалъ гъоркьан кlичlизабураб халатаб гьетlараб хlучч. Кваранаб рахъалъ гъоркьан кlичlизабураб къокъаб гьетlараб хlучч. | 1 | Иту, нус, оц, цер, кlалкlучl | Сурат ,карто чки |
| 4 | 23.09 | 23.09 | Квегlаб рахъалъ тlасан кlичlизабураб къокъаб гьетlараб хlучч .Кваранаб рахъалъ гъоркьан кlичlизабураб халатаб гьетlараб хlучч | 1 | Къали,гордо | |
| 5 | 30.09 | 30.09 | Квегlаб рахъалъ тlасан,кваранаб рахъалъ гъоркьан кlичlизарурал къокъал гlетlарал хlуччал. | 1 | Ордек,бацl | Карто чки |
| 6 | 07.10 | 07.10 | Гъоркьан ва тlасан кlичl барал гьетlарал хlуччал. Бащадаб хоноккараб гургинлъи. Хоноккараб гургинлъи. | 1 | Ритlучl,гlанкl, чахъу | |
| 7 | 14.10 | 14.10 | Кlудияб ва гьитlинаб А,а хlарп Кlудияб ва гьитlинаб И,и х1арп | 1 | Гагу Таращ | |
| 8 | 21.10 | 21.10 | Кlудияб ва гьитlинаб О,о х1арп Кlудияб ва гьитlинаб У,у хlарп | 1 | Тlавус Мокъокъ | |
| 9 | 28.10 | 28.10 | Кlудияб ва гьитlинаб Н,н х1арп Кlудияб ва гьитlинаб М,м хlарп | 1 | Кlудияв Мичl, гlажаиблъи | Карто чки |
| 10 | 11.11 | | Кlудияб ва гьитlинаб Л,л х1арп Кlудияб ва гьитlинаб Б,б хlарп | 1 | цере-нахъа Къокъунел,хlикмалъи | Сурат , карто чки |
| 11 | 18.11 | | Кlудияб ва гьитlинаб Г г х1арп Кlудияб ва гьитlинаб Р р хlарп | 1 | захlмат Къверкъ | |
| 12 | | | Кlудияб ва гьитlинаб С,с хlарп Кlудияб ва гьитlинаб Т,т хlарп Кlудияб ва гьитlинаб Х,х хlарп Кlудияб ва гьитlинаб З,з х1арп | 1 | Гъотlоркlо Чаргъеду Булбул Гlанчlлъи | Карто чки |
| 13 | | | Кlудияб ва гьитlинаб Э э хlарп Кlудияб ва гьитlинаб Й,й х1арп Кlудияб ва гьитlинаб Ж ж | 1 | Хъарчигъа Парпади Къвекlаб | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | xlарп | | | |
| **14** | | | Кlудияб ва гьитlинаб Е е xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Ё,ё xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Ю,ю xlарп | 1 | Квацlи<br>Бигьаро | Сурат |
| **15** | | | Кlудияб ва гьитlинаб К,к xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Ш,ш xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Щ,щ x1арп | 1 | Xlутl<br>Кlвахl<br>Ахбазан | |
| **16** | | | Кlудияб ва гьитlинаб Гl, гl xlарпал<br>Кlудияб ва гьитlинаб Тl,тl x1арп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Xl xl xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Гь,гь xlарп | l | Бицанкlo<br>Азбар<br>Xlеренлъи,оц,<br>Рухl, векьарухъан | Карто чки |
| **17** | | | Кlудияб ва гьитlинаб В,в xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Кl,кl xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Ц,ц xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Д,д x1арп | l | Рицl<br>Кlвар,кlветl,азбар, квас Ретlел,xlутl<br>Гlинтlи | Карто чки |
| **18** | | | Кlудияб ва гьитlинаб Лъ,лъ xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Ч,ч x1арп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Я,я xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб П,п xlарп | 1 | Бекьари Рахас<br>Чарам,кlкlуй<br>Чабах,ицц,xlал | Сурат |
| **19** | | | Кlудияб ва гьитlинаб Цl,цl x1арп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Чl,чl x1арп | 1 | Ицц,xlал,<br>Захlмат,рахlат<br>Нур, тlалъи | |
| **20** | | | Кlудияб ва гьитlинаб Хъ,хъ xlарп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Гъ, гъ xlарп | l | Бика,кlутlун | |
| **21** | | | Кlудияб ва гьитlинаб Къ,къ x1арп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Кь ,кь x1арп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Хь,хь x1арп | 1 | Чучизе | |
| **22** | | | Гьитlинаб Ъ, Ь xlарп<br>Гьитlинаб Ы xlарп | l | Сани, наклкlигъветl<br>Аргъанчи, кlудияв, тlоклав,чlахъи | |
| **23** | | | Диктант. | l | Тlоклав,чlахъи | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **24** | | | Кlудияб ва гьитlинаб Б,б х1арп<br>Кlудияб ва гьитlинаб Ф,ф х1арп | 1 | Наку,кlерт | |
| **25** | | | РагIи, предложение, текст. Калам.<br>Каламалъул бутIа хIисабалда предложение. | 1 | Гlабаси,диван,гудур | Сурат |
| **26** | | | Каламалъул бутIа хIисабалда рагIи.<br>Т1ехьалдаса хъвай.<br>РагIабазул бетIералда кIудияб хIарп. | 1 | Чанахъан<br>Къебед ,Чакар | Карто чки |
| **27** | | | Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал: [гь], [гъ], [гI], [кь], [къ], [кI], [лъ], [тI], [хь], [хъ], [хI[, [цI], [чI].<br>Геминатал ва гьел рихьизарулел хIарпал: кк, кIкI, лълъ, сс, хх, цц, цIцI, чч, чIчI. | 1 | Цlиркъ | |
| **28** | | | Доскаялдаса текст хъвай. | 1 | Къоно,гвенд | |
| **29** | | | Лабиалиялгьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: гв,кв, ккв, кIв, кIкIв, къв, къв, св, хв, хъв, хьв, щв, шв, гъв, гьв, гв, чв, чIв, цв, цIв | 1 | Гомог | |
| **30** | | | РагIи ва слог.<br>Раг1аби слогазда рикьун хъвай.<br>Т1ехьалдаса хъвай. | 1 | Хъабача,гъот1орк1о | |
| **31** | | | Каламалъул бутIаби Щив? щий? щиб? щал?<br>Кинав? кинай? кинаб? кинал? | 1 | Баси | Сурат ,карто чки |
| **32** | | | Каламалъул бутIаби .Щиб гьабураб? щиб лъугьараб? щиб гьабулеб бугеб? щиб лъугьунеб бугеб? | 1 | Къадако ,кьо | |
| **33** | | | Диктант<br>Лъаг1алида малъараб такрар гьаби. | 1 | Гъури<br>Намус | |

# Календарно-тематическое планирование по родному языку 2 класс 34 ч.

| № | Дата | | Тема урока | Часы | Словарная работа | Домашнее задание |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | План | Факт | | | | |
| 1. | | | Рагlи. Предложение. Текст.Текст предложенияздасан гlуцlула. | 1 | Азалидул, зангал кlвекьмахх | Хl.6,гь.6 |
| 2. | | | Магlнаялъул рахъалъ цоцада рухьарал рагlаби. | 1 | Варанихlинч 1. | Хl.23,гь.14 |
| 3. | | | Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва хlарпал. Рагlаби слогазда рикьи. | 1 | Гъира. Къокъа. | Хl.37,гь.20 |
| 4. | | | Рагьарал хlарпал ва гьаркьал. Е ,Е,Ю,Я хlарпал<br><br>Й рагьукъаб гьаракь ва хlарп. | 1 | Къадако ,тимугъ. | Хl.46,гь.24 |
| 5. | | | Диктант. | 1 | | Такрар гьаби |
| 6. | | | Авар мацlалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва хlарпал. Сураталдасан Сочинение гь.33 | 1 | Вехь. | Хl.65,гь.34 |
| 7. | | | Контрольный диктант за 1-четверть | 1 | Гlелму. | Хl.74.гь.37 |
| 8. | | | Гl-Цl рагьукъал хlарпал ва гьаркьал. | 1 | Шартl. | Хl.80, гь.40 |
| 9. | | | Геминатал. Кк ,кlкl,чч рагьукъал гьаркьал . | 1 | Раххан.ицц. | Хl.84.гь.42 |
| 10. | | | Чlчl, Сс рагьукъал гьаркьал | 1 | Чор,пири. | Хl.93,гь.46 |
| 11. | | | Сочинение. К lи-кlи ишаралдасан | 1 | | Такрар |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | г1уц1арал х1арпал | | | гьаби |
| **12.** | | | XX,Цц рагьукъал гьаркьал . XX,Цц гьаркьал гъорлъ ругел раг1аби. | 1 | Ххине,ххвел, махх, рещц | X1.10 7,гь.52 |
| **13.** | | | Контрольный диктант за 2 четверть. | 1 | Ц1ц1е. буц1ц1ана | X1.118-121,гь.57 |
| **14.** | | | Лабиалиял гьаркьал . Лабиалиял гьаркьал гъорлъ ругел раг1аби. | 1 | Къвач1а.ч1ч1 вад | X1.131,гь. 63 |
| **15.** | | | Алфавит. Алфавиталъул тартиб. Ъ, Ь х1арпал. | 1 | Хъухъадиро. | X1.153,гь. 72 |
| **16.** | | | Ц1ц1, Лълъ рагьукъаб гьаракь. Ц1ц1 гъорлъ ругел раг1аби. | 1 | Авал,пиринч 1. | X1.162,гь. 76 |
| **17.** | | | Калам. Хъвавул ва к1алзул калам. Сундуе калам къвариг1ун бугебали | 1 | Калам. | X1.172,гь. 81 |
| **18.** | | | Геминатал кин рикьун росулел. Ударение | 1 | | Такрар гьаби |
| **19.** | | | Хъвавул ва к1алзул каламалъул предложениял . | 1 | Пашманлъи. | X1.184,гь. 86 |
| **20.** | | | Словарияб х1алт1и. Предложениязул ахиралда ишараби . | 1 | Гъалат1. | Словарьгь. 152 |
| **21.** | | | Текст бикьи. Тексталъул ц1ияб бут1а.Абзац. | 1 | Хъабарча. | X1.191-194,гь.90 |
| **22.** | | | Диктант за 3четверть | 1 | | Такрар гьаби |
| **23.** | | | Авар мац1алъе хасиятал гьаркьал ва геминатал. К1и-к1и ишаралдасан г1уц1арал х1арпал. | 1 | Рух1. Щурункъвер къ. | X1.204,гь. 97 |
| **24.** | | | Гьаркьилаб анализ. Геминатал рихьизарулел х1арпал. | 1 | Руз,давла. | X1.215,гь. 103 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **25.** | | | Предметияб ц1ар. Щиб? Щив? Щий?Щал? | 1 | Кутакаб. | Х1.223,гь. 108 |
| **26.** | | | Хасал ц1арал. Г1аммал ц1арал. Х1айваназул т1ок1ц1арал. Хасал ц1арал улкабазулъ г1оразулъ. | 1 | Кьуру. | Х1.240,гь. 117 |
| **27.** | | | Диктант. | 1 | | Такрар гьаби |
| **28.** | | | Изложение. | 1 | | Такрар гьаби |
| **29.** | | | Прилагательное. Кинаб? Кинал?Кинай? Суратазухъ балагьун прилагательноял хъвай. | 1 | Лъай. Ц1ах1илаб | Х1.255,гь. 124 |
| **30.** | | | Г1акса маг1наялъул прилагательноял (антонимал).Г1агараб маг1наялъул прилагательноял (синонимал) | 1 | Милъиршо. | Х1.274,гь. 131 |
| **31.** | | | Диктант. | 1 | | Такрар гьаби |
| **32.** | | | Глагол. Щиб гьабураб? щиб лъугьараб? щиб гьабилеб? Щиб гьабулеб бугеб? | 1 | Тартиб. Гьавудила | Х1.280-284,гь.134 |
| **33.** | | | Контролияб диктант | 1 | | Такрар гьаби |
| **34.** | | | Такрар гьаби | 1 | | Такрар гьаби |

## Календарно-тематический план по родному языку для 3 класса

| № | Тема урока | Часы | Дата | | Домашнее задание |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | план | факт | |
| **КIиабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби (4 сагIат)** | | | | | |
| 1. | Калам. Предложение. Текст. Рагlи. | 1 | 01.09 | | упр.4, стр.5 |
| 2. | Предмет бихьизабулел раглаби. Гьаркьал ва х1арпал. | 1 | 08.09 | | упр.11, стр. 8 |
| 3. | Входной диктант. | 1 | 22.09 | | Правило стр.12 |
| 4. | Геминатал ва лабиалиял гьаркьал. | 1 | 29.09 | | Х1.25, гь.14 |
| **Предложение 6 саг1ат** | | | | | |
| 5. | Хабарияп предложениял. Ах1ул предложениял. | 1 | 06.10 | | упр.37, стр.21 |
| 6. | Суалиял ва т1алабиял предложениял. Предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членал. | 1 | 13.10 | | упр.41, стр.22 Правило на стр.23,32 |
| 7. | Контролияб диктант | 1 | 20.10 | | Придумать и записать три предложения |
| 8. | МагIна гIагарал рагIаби. МагIна гIагарал рагIабазул бит1унхъвай | 1 | 27.10 | | упр.73, стр.39 |
| 9. | Сочинение «Ахикь» | 1 | 10.11 | | Правило на стр.41 |
| 10. | Раг1ул ахир. Раг1ул аслу. Кьибил. Суффикс. РагIул аслуялъул гьаркьазул хиси. | 1 | 17.11 | | упр.81, стр.42 правило |
| **Каламалъул бут1аби 3 саг1ат** | | | | | |
| 11. | Сочинение «Хасалихълъи». | 1 | 24.11 | | упр.100, стр.50 |
| 12. | Изложение «Рохьоб» | 1 | 01.12 | | Повторение правил |
| 13. | Каламалъул бут1аби | 1 | 08.12 | | упр. 106,стр.53 |
| **Предметияб ц1ар 9 саг1ат** | | | | | |
| 14. | Предметияб ц1ар. Предметияб ц1ар предложениялда х1алт1изаби. | 1 | 15.12 | | упр.111, стр.55 |
| 15. | Контролияб диктант. | 1 | 22.12 | | упр.114, |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | стр.56 |
| 16. | Г1аммал ц1арал. Хасал ц1арал. | 1 | 29.12 | | упр.116 стр.58 |
| 17. | Хасал ц1аразул бит1унхъвай. | 1 | 12.01 | | Повторение |
| 18. | Хасал ва г1аммал предметиял ц1арал. | 1 | 19.01 | | упр.123, стр.61 |
| 19. | Предметияб цlаралъул жинс.<br><br>Гьоркьохъеб жинсалъул предметиял ц1арал. | 1 | 26.01 | | упр.128, стр.64 упр.131, стр.65 |
| 20. | Ч1ужуялъул ва чиясул жинс. | 1 | 02.02 | | упр.134, стр.67 |
| 21. | Предметиял ц1аразул цолъул ва г1емерлъул форма. | 1 | 09.02 | | упр.144, стр.71 |
| 22. | Контролияб диктант. | 1 | 16.02 | | Правила на стр.70-71 |
| **Прилагательное 6 саг1ат** | | | | | |
| 23. | Прилагательное. Прилагательное ва предметияб ц1аралъул дандрай. | 1 | 01.03 | | упр.155, стр.75 |
| 24. | Цого, яги г1ага-шагараб маг1наялъул прил. | 1 | 15.03 | | упр.163, стр.79 |
| 25. | Изложение «Цер». | 1 | 05.04 | | упр.172 стр.84 |
| 26. | Прилагательное жинсазде хиси<br><br>Прилагательное формабазде хиси. | 1 | 12.04 | | Написать 5 предлож. упр.176, стр.85 |
| 27. | Прилагательноелъул цолъул ва г1емерлъул форма. | 1 | 19.04 | | упр.178, стр.86 |
| 28. | Контролияб диктант. | 1 | 26.04 | | упр.185, стр.90 |
| **Рик1к1ен 1 саг1ат** | | | | | |
| 29. | Рик1к1ен. Рик1к1еналъул формаби. | 1 | 03.05 | | упр.200, стр.95 |
| **Глагол 5 саг1ат** | | | | | |
| 30. | Глагол предложениялъулъ х1алт1изаби. | 1 | 10.05 | | Правило на стр.102-103 |
| 31. | Изложение «Хъаз ва цер» | 1 | 17.05 | | упр.214, стр.103 |
| 32. | Абиялъулъ бат1иял, маг1на цогоял глагол.<br>Г1аксаб маг1наялъул глаголал | 1 | 24.05 | | упр.217, стр.104 |
| 33. | Контролияб диктант. | 1 | 31.05 | | Повторить все правила |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 34. | Глаголал заманазде хиси. Араб, бач1унеб, г1ахьалаб ва гьанже заман | 1 | | | Повторение |

## 4 класс

## Календарно-тематическое планирование по родному языку

| № | Тема урока | Дата | | часы | Новые слова | Домашнее задание |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | план | факт | | | |
| **Такрар гьаби (3 саг1ат)** | | | | | | |
| 1 | Предложениялъул тайпаби. | | | 1 | Бич1ч1изе | XI-5 гь.8 |
| 2 | Предметияб ц1ар. Предметияб ц1аралъул жинс | | | 1 | Къват1 | XI-9 гь.10 |
| 3 | Хасал ва г1аммал ц1арал. Г1аммал ва хасал ц1аразул дандекквей. | | | 1 | Дег1ен,Мокъокъай | XI-17 гь.13 |
| **Г1адатал падежал (5 саг1ат)** | | | | | | |
| 4 | Предметияб ц1аралъул цолъул ва г1емерлъул форма. | | | 1 | Кьенсер | XI-28 гь 17 |
| 5 | Сочинение «Роол каникулал» | | | 1 | Ц1ороберал | XI-33 гь.19 |
| 6 | Предметияб ц1ар падежазде свери. Аслияб падеж щив? щий? щиб? щал? Кьовул падеж - лъие? сундуе? | | | 1 | Лъен,гьокочи | XI-38 гь. 22 |
| 7 | Обучающее изложение | | | 1 | Хъарахъ | Предметия ц1ар такрар гьаби |
| 8 | Диктант «Нижер паст1ан» | | | 1 | Т1орщел | XI-62 гь. 31 |
| **Бак1алъул падежал (4 саг1ат)** | | | | | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **9** | Лъихъ? Сундухъ? Лъихъе? Сундухъе? Лъихъан? Сундухъан? | | | 1 | Намус | XI-67 гь. 33 |
| **10** | Лъикьа? Сундукьа? Сундукь? Сундукье? Сундукьан? Киб? Кибе? Кисан? | | | 1 | Сандук1 | XI-76 гь.36 |
| **11** | Сочинение «Хасалихълъи рохьоб». | | | 1 | Г1урдах1ан | XI-94 гь.43 |
| **12** | Диктант | | | 1 | | Падежал такрар гьари |
| **Прилагательное (4ч.)** | | | | | | |
| **13** | Прилагательное. Прилагательноязул жинс. Прилагательноязул форма. | | | 1 | Рехъалъа рехун | XI-104гь.48 |
| **14** | Прилагательное падежазда свери. Антонимал | | | 1 | Шагьранухал | XI-116 гь. 52 |
| **15** | Изложение | | | 1 | Бец1хъах1ил аб | XI-130 гь.57 |
| **16** | Диктант | | | 1 | | такрар гьаби |
| **Местоимение(3саг1ат)** | | | | | | |
| **17** | Ц1арубак1. Ц1арубак1азул бит1унхъвай. | | | 1 | Мун,дур,дуда | XI-135 гь. 58 |
| **18** | Т1оцебесеб , к1иабилеб,лъабабилеб гьумералъул ц1арубак1ал | | | 1 | Г1иялъажо | XI-140 гь 62 |
| **19** | Диктант | | | 1 | | Ц1арубак1 такрар гьаби |
| **Глагол (10саг1ат)** | | | | | | |
| **20** | Глагол. Глаголалъул синонимал ва антонимал рати. | | | 1 | Хехлъана | XI-160 гь. 71 |
| **21** | Араб ва бач1унеб заманалъул г1адатал глаголал. | | | 1 | Вуссана | XI-166 гь. 73 |
| **22** | Гьанже заманалъул ва бач1унеб заманалъул журарал глаголал. | | | 1 | Гьегь | XI-168 гь . 74 |
| **23** | Диктант | | | 1 | Кьерхен | такрар гьаби |
| **24** | Глаголияб ц1ар. Араб заман. Глаголияб ц1аралдасан араб заманалъул г1адатал глаголал | | | 1 | Макру | XI-175 гь.78 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | лъугьунеб куц. | | | | | |
| **25** | Бач1унеб заман. Глаголияб ц1аралдасан бач1унеб заманалъул г1адатал глаголал лъугьунеб куц. | | | 1 | Ризго | XI-189 гь.82 |
| **26** | Сочинение «Дир хъизан». | | | 1 | Тартиб | Глаголал такрар гьари. |
| **27** | Г1ахьалаб заман. Гьанже заман. Бач1унеб заман. Составиял глаголал | | | 1 | Тарбиячи | XI-195 гь.85 |
| **28** | Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал. Глаголазул ахиралда –не, -зе. | | | 1 | Ятим | XI-215 гь.92 |
| **29** | Диктант №7 по теме «Глагол» | | | 1 | Якъут | 3 предл. г1уц1изе |
| **Предложение (5саг1ат)** | | | | | | |
| **30** | Хабариял, суалиял ва ах1ул предложения. Предложениялъул бет1ерал членал. | | | 1 | Узданаб | XI-237 гь.102 |
| **31** | Маг1наялъул рахъалъ рухьарал раг1аби. | | | 1 | Кьог1аб | XI-245 гь.105 |
| **32** | Тайпа цоял членал. Тайпа цоял членал цолъизарулеб куц. | | | 1 | Бахьикъос | XI-253 гь.108 |
| **33** | Тайпа цоял членалгун лъалхъул ишараби, союзал Я,ЯЛЪУНИ,АММА | | | 1 | Сахаватлъи | XI-262 гь.113 |
| **34** | Диктант | | | 1 | Шарт1,шаг1ир | Такрар гьаби |